

**ENFÒMASYON POU FANMI,
ZANMI AK RESPONSAB NAN
YO KIPAKAB PALE SA YO TA
PAKAK PALE SA YO
TAPREFERÉ**

**Kijan rezidan an ka patisipé nan
desizyon an sou transfè nan lopital la?**

Yo dwe bezwen toujou respekté Volonté rezidan an. Dwe konsidere lòt fòm de komunikasyon. Si rezidan an gen yon diréktiv davans ki nonmen yon moun kòm prokurasyon de sante ou byen on avoka, moun an kapab pran desizyon pou rezidan ki bazé sou sa rezidan ta vlé, si rezidan-an pa pakab eksprimé sa li deziré.

**Si rezidan an pa kapab eksprimé sa li vle,
eské nou kapab toujou di li kisa kap pasé?**

Wi. Rezidan an gen dwa pou konnen kisa kap pasé, epi yo dwe trete li kom si li konprann sitiyasyon-an. Gen kèk moun ki ka vin enkyeté oswa pè si yo ale yon kote yo pa konnen, san yo pa gen eksplikasyon. Asire pou nou itilize mo simp, dirèk ("ou malad", "doktè ou di pou ale nan lopital la"), avèk yon vwa trankil ak yon fason kalm lè wap ekspliké sitiyasyon -an bay rezidan yo.

**Kouman pou mwen (kòm yon manm nan
fanmi an, zanmi, oswa moun kap bay swen)
dwe patisipé lan desizyon-an?**

Li kapab nesesè pou konplete kek papye legal pou fè sa. Mande doktè ou oswa lòt travayè medical, oswa travayè sosyal lan establiman an pou plis enfòmasyon detaye. Li pi bon fè sa avan ou genn keksyon pou tretman oubyen transfere nan yon lopital.



FAU
FLORIDA ATLANTIC
UNIVERSITY



Patient-Centered Outcomes Research Institute (PCORI) te finansé devlopman gid orijinal la. Eight States of CMS Region IV (Alabama, Florida, Georgia, Kentucky, Mississippi, North Carolina, South Carolina, and Tennessee) te finansé nouvau Gid lan. Copyright.

Florida Atlantic University
Visit www.decisionguide.org
Version 2.0

To Order: MED-PASS, Inc. 1-800-438-8884



**ALE LOPITAL
OUBYEN RETE
ISIT LA?**

Yon Gid Desizyon pou
Rezidan, Fanmi , Zanmi, avek
moun kap bay rezidan yo swen



**Èske w te konnen pwèske mwatye
nan transfè nan lopital evite?**

*Dokiman sa a pwal ede ou
konprann poukisa transfè sa yo
fèt epi ki jan ou kapab patisipe
nan desizyon.*

GO TO THE HOSPITAL OR STAY HERE?

CHANJMAN NAN KONDITION OU

Keksyon pou ta voye ou lopital la ka vini si gen chanjman nan eta sante ou. Si ou gen yon chanjman nan kondisyon ou, doktè oswa enfymye ou ap èksplikè ki desizyon ou dwe fè pou yo kapab bay ou pi bon trètman posib.

SI SE PA YON IJANS

Si se pa yon sitiyasyon ijan enfimyè a ap ekzamine ou yo ka rélé doktè, fanmi, zanmi oswa moun kap bay swen. *Si ou gen kek enkietid sou koze voye lopital la, se moman pou fè konnen yo.*

NAN YON KA KI IJAN

Lan yon sitiyasyon kote la vi andranje, anploye yo kapap rele 911 pou mennen ou nan depatman ijans lopital la. Yap kontakte tou ajan sante ou yo(dokte, enfymye, asistan dokte) ak fanmi, zanmi, oswa moun kap bay swen ou te chwazi

REZON POU PITO PRAN TRETMAN ISIT LA

Anpil tes ak tretman kapab founi nan etablisman kalifye isit la mézon rétrèt:

- Medikaman ak Oksijen
- Tès san ak radiografi
- IV (Nan venn) Medikaman likid kèk kote
- Swen blesi
- Verifye sitiyasyon ou epi bay atatansyon ak rapo ou genyen ak ajan sante sou ou
- Swen ki pou ran ou konfòtab (sulajman doulè, medikaman likid, repo)

Ou ka mande enfimyè ou, doktè oubyen lòt founisè swen sante ou genyen ki lòt bagay ki ka fè isit la pou ou.

REZON POU PITO CHWAZI PRAN SWEN NAN LOPITAL

Lopital ka fè plis tès ak bay plis tretman ki konplike tankou:

- Siveye kè ou
- Analize kò ou
- Swen entansif
- Transfizyon san
- Operasyon

POUKISA NOU DWE PANSE A SA KOUNYE A?

Li difisil pou deside ki tretman ou pi pito nan mitan yon problem. Yo ba ou enfòmasyon sa yo koulye a pou ka ede ou pran yon desizyon responsab si kesyon pou al lopital la ta rive sou ou.

GENYEN DANJE TOU LÈ OU /ALE LOPITAL

Lè yo mennen ou lopital sa ka ba ou anpil tèt cho. Gen anpil chans pou eksplike pwoblèm ou enfeksyon ki kapab yon danjé, oswa tonbé yon koté ke ou pa abityé. Wap fè fas ak gwo dange tou pou ta gen mak sou po ou, danje pou enfeksyon oubyen pou ta tonbe yon kote ou pa abitye. Ou ka santi ou pi alèz pou rete isit la ak resevwa swen nan men yon ekip moun ki konnen ou.

Ou ka ke konnen ki sa ou prefere le wap:

- Pale ak moun nou site pi wo a
- Ekri sa ou ta renmen epi di moun ki kote yo ka jwenn dokiman yo.
- Ranpli dokiman direktiv yo davans tankou:
- Pouvoua legal ak yon moun sou swen sante ou
- Prokirasyon Swen sante (bay non yon moun ki ka pran desizyon swen sante pou ou si ou pa ta kapab).
- Volonte ou pandan wap viv(presize preferans ou pou ta sispann ba oubyen swen pou kenbe ou vivan)

Mande yon desizyon pou yon DNR (pa remete ou anvi) oubyen yon DNH (pa ale lopital). Lod yon Dokte pou sa yo rele tretman pou soutni la vi oswa fòm ki menm jan.

PATISIPE NAN DESZYON AN

Ou gen dwa pou konnen sa kap pase ou, koman yo pran desizyon pou ba ou swen ak koman ou ka patisipe.



SWEN POU KONFÒ, SWEN PALYATIF, OSPIS, OSI BYEN AVEK DIRÉKTIV DAVANS

1. **Ki sa ki swen konfò?**
Swen konfò oubyen swen palyatif konsantre sou soulajman doulè ak lòt sentòm tankou vomi, fatig, tet vid, vant sere, oubyen pwoblempou respire ki soti nan maladi ou a osinon nan tretman maladi ou a. Ekip swen palyatif yo ap ede ou jere maladi ou genyen an, bay solisyon pwatik, swen emosyonel ak spitityel.
2. **Ki diferans ki genyen ant swen ospis ak swen palyatif**
Kalite swen ki bay la sanble men swen ospis la se pou moun ki nan denye mwa la vi yo (souvan 6 mwa ou pi piti) pandan swen palyatif la ka kontinye pou plizie mwa epi menm plizye ane. Swen ospis la konsantre sou kontwole doule jesyon sentòm, sipò emosyonel ak espirityel.
3. **Sak rive sim jwenn azil le mwen ale nan lopital la?**
Si ou ale lopital, ou gen dwa genyen pou kalifye swen aprè retounen isit la. Si gen tan, yo ta dwe rele azil la avan ou transfere nsn lopital la.
4. **Si mwen gen direktiv davans eske swè mwen yo ap respekté?**
Pou asire swè ou yo ap respekte revise yo ak anploye yo, fanmi davans. Asire gen yon kopi nan dosye ou nan lopital la. Si yon bon lide pou bay kopi direktiv davans ou fanmi, zanmi, moun kap bay swen avèk lòt travayè medical, de tanzantan.
5. **Yon fwa mwen fin di swè mwen nan direktiv davans yo, eske mwen kapab chanje lide?**
Wi, ou kapab chanje lide ak direktiv davans ou yo lè ou vle oubyen ou bay pawol ou osinon ou ka ekri li.